

Gid pou Konprann Maladi Chabon

Maladi Enfeksyon - Maladi chabon

Sant Nasyonal pou Nouvo Maladi Enfeksyon kay Bèt
Moun ka Trape



**U.S. Department of
Health and Human Services**
Centers for Disease
Control and Prevention

Dokiman sa a ekri nan lang kreyòl ayisyen, w ap jwenn yon vèsyon nan
lang angle sou: <http://www.cdc.gov/anthrax/basics/index.html>

Gid pou Konprann Maladi Chabon

Sa ki nan Dokiman an


Enfòmasyon debaz	2
Kisa maladi chabon an ye?	2
Kijan zannimo enfekte avèk maladi chabon?	2
Kijan moun enfekte avèk maladi chabon?	2
Ki kote ou kapab jwenn maladi chabon?.....	2
Kalte maladi chabon	3
Maladi chabon po.....	3
Respirasyon maladi chabon.....	3
Maladi Chabon gastwoentesten.....	3
Maladi chabon enjeksyon.....	3
Kijan Moun Enfekte	4
Travay ak zannimo oswa pwodui zannimo ki enfekte.....	4
Manje vyann kri oswa ki pa kwit ase ki soti zannimo enfekte	4
Enjeksyon ewoyin.....	4
Eske maladi chabon kontaje?	4
Sentòm maladi chabon.....	5
Sentòm maladi chabon po:.....	5
Sentòm maladi chabon respirasyon:	5
Sentòm maladi chabon gastwoentesten:.....	5
Sentòm maladi chabon enjeksyon:	5
Dyagnostik maladi chabon	6
Byoteworis.....	7
Poukisa Maladi Chabon kapab Sèvi kòm yon Zam?	7
Nan ki Pwen Maladi Chabon la Danjere?	7
Ak Kisa yon Atak Antraks Ka Sanble?.....	7

Enfòmasyon debaz

Kisa maladi chabon an ye?

Maladi chabon se yon maladi enfeksyon grav ki soti nan bakteri yo teste pozitif pou gram, anfòm ti baton, yo rele *Bacillus anthracis* (Bacille chabon). Ou ka jwenn maladi chabon nan eta natirèl li nan tè epi li plis frape zannimo domestik ak sovaj nan lemonn antye. Byenke li ra nan peyi Etazini, moun ka tonbe malad ak maladi chabon si yo rantre ankontak ak zannimo enfekte oswa pwodui zanmi kontamine. Kontak ak maladi chabon ka lakòz maladi grav lakay moun ansanm ak zannimo.

Maladi chabon **pa** kontaje, sa vle di ou pa ka pran l tankou grip oswa rim.



Kijan zannimo enfekte avèk maladi chabon?

Zannimo domestik ak sovaj tankou betay, mouton, kabrit, antilòp ak sèf ka vin enfekte lè yo respire oswa vale spò nan tè, plant oswa dlo kontamine. Nan zòn kote zannimo domestik te gen maladi chabon nan tan pase, woutin bay vaksen ka ede anpeche epidemi.

Kijan moun enfekte avèk maladi chabon?

Moun enfekte ak maladi chabon lè spò rantre nan kò yo. Lè spò maladi chabon rantre anndan kò w, yo ka "aktive." Lè yo vin aktif, bakteri yo ka miltipliye, gaye nan kò w, pwodui toksin (pwazon), epi lakòz maladi grav.

Sa ka rive lè moun respire spò, manje manje oswa bwè dlo ki kontamine ak spò, oswa pran spò nan yon blesi oswa grafouyen nan po yo. Li ra anpil pou moun nan peyi Etazini enfekte ak maladi chabon.

Sèten aktivite ka ogmante chans yon moun pou l enfekte. Pou plis enfòmasyon, li Kijan Moun Vinn Enfekte.

Ki kote ou kapab jwenn maladi chabon?

Ou jwenn maladi chabon plis nan reyon agrikòl Lamerik Santral ak Disid, Afrik Sib Sahara, Azi Santral ak Sidwès, Ewòp Disid ak Delès ak Karayib yo.

Maladi chabon ra nan peyi Etazini, men epidemi yon lè konsa rive lakay zannimo patiraj sovaj ak domestik tankou betay oswa sèf. Maladi chabon rive plis nan peyi ki nan wout pou yo devlope ak peyi ki pa gen pwogram sante publik veterinè ki vaksinen zannimo nan yon mannyè regilye kont zantraks. Nan peyi Etazini, yo rekòmande vaksinasyon betay nan zòn kote zannimo te gen antraks nan tan pase yo.

Kalte maladi chabon


Tout kalte maladi yon moun devlope depann sou jan maladi chabon rantre nan kò moun lan. Nòmalman, maladi chabon rantre nan kò w atravè po, poumon oswa sistèm gastwoentestinal ou. Tout kalte maladi chabon ka gaye nan tout kò w epi touye w si yo pa trete ak antibiotik.



Maladi chabon po

Lè spò maladi chabon rantre nan po w, anjeneral atravè yon blesi oswa grafouyen, yon moun ka devlope antraks po. Sa ka rive lè yon moun ap manyen zannimo enfekte oswa pwodui zannimo kontamine tankou lenn, po bète oswa cheve. Maladi chabon po plis rive nan tèt, kou, avanbra ak men. Li afekte po a ak tisi ki toutotou zòn enfeksyon an.

Antraks po se fòm enfeksyon antraks ki rive pi souvan, epitou yo konsidere se li ki mwen danjere. Enfeksyon an anjeneral devlope ant 1 ak 7 jou apre eksposizyon. San tretman, 20% moun ki gen maladi chabon nan po ka mouri. Sepandan, ak bon jan tretman, prèske tout pasyan ki gen maladi chabon nan po viv.




Respirasyon maladi chabon

Lè yon moun respire spò maladi chabon, li ka devlope maladi chabon respirasyon. Moun kap travay nan kote tankou izin lenn, abatwa ak izin po bète ka respire spò yo pandan y ap travay ak zannimo enfekte oswa pwodui zannimo enfekte ki soti nan zannimo enfekte. Maladi chabon respirasyon kòmanse dabò nan gland lenf yo nan pwatin lan anvan yo gaye nan tout rès kò a, sa ki alafen lakòz pwoblèm respiratwa ak eta chòk grav.

Yo konsidere maladi chabon respirasyon fòm maladi chabon ki touye plis moun lan.


Enfeksyon anjeneral devlope nan yon semèn apre eksposizyon, men li ka pran jiska 2 mwa. San tretman, sèlman anviwon 10 - 15% pasyan ak maladi chabon respirasyon viv. Sepandan, ak tretman agresif, apeprè 55% pasyan viv.



Maladi Chabon gastwoentesten

Lè yon moun manje vyann kri oswa ki manke kwit ki soti nan yon bète ki enfekte ak maladi chabon, li ka devlope maladi chabon gastwoentesten. Yon fwa yo vale l, spò maladi chabon yo ka afekte vwa gastwoentesten pi wo a (gòj ak ezojaj), lestimak ak entesten.

Se raman maladi chabon gastwoentesten rapòte nan peyi Etazini. Enfeksyon an anjeneral devlope ant 1 ak 7 jou apre eksposizyon. San tretman, plis pase lamwatye pasyan ki gen maladi chabon gastwoentesten mouri. Sepandan, ak bon jan tretman, 60% pasyan viv.



Maladi chabon enjeksyon

Denyeman, yo jwenn yon lòt kalte enfeksyon maladi chabon lakay moun kap pran dwòg nan enjeksyon ewoyin nan Lewòp dinò. Kalte enfeksyon sa pa janm rapòte nan peyi Etazini.

Sentòm yo ka menm ak sa maladi chabon po yo, men ka gen enfeksyon byen fon anba po a oswa nan mis kote yo enjekte dwòg la. Maladi chabon enjeksyon ka gaye nan tout kò a pi rapid epi li ka pi difisil pou rekonèt epi trete. Anpil lòt bakteri pi komen ka lakòz enfeksyon po ak zòn enjeksyon an, kidonk yon enfeksyon po oswa zòn enjeksyon kay yon moun kap pran dwòg pa vle di pou otan moun lan gen maladi chabon.

Kijan Moun Enfekte

Moun enfekte ak maladi chabon lè spò rantre nan kò yo. Lè sa rive, spò yo ka aktive epi tounen bakteri maladi chabon. Annapre bakteri yo ka miltiplie, gaye nan kò w, pwodui toksin (pwazon), epi lakòz maladi grav. Sa ka rive lè moun respire spò, manje manje oswa bwè dlo ki kontamine ak spò, oswa pran spò nan yon blesi oswa grafouyen nan po yo.

Travay ak zannimo oswa pwodui zannimo ki enfekte

Pi fò moun ki vin malad ak maladi chabon ekspose pandan y ap travay ak zannimo enfekte oswa pwodui zannimo tankou lenn, po bêt oswa cheve.

Maladi chabon respirasyon ka rive lè yon moun rale spò ki nan lè a (ayewosòl) pandan tretman endistriyèl materyo kontamine tankou lenn, po bêt oswa cheve.

Maladi chabon po ka rive lè travayè kap manyen pwodui zannimo kontamine trape spò nan yon blesi oswa grafouyen sou po yo.

Manje vyann kri oswa ki pa kwit ase ki soti zannimo enfekte

Moun ki manje vyann kri oswa ki pa kwit ase ki soti nan zannimo enfekte ka tonbe malad ak maladi chabon gastwoentesten. Sa rive anjeneral nan peyi kote betay yo pa vaksinen nan yon mannyè regilye kont antraks epi bêt yo manje pa enspekte anvan yo tiye yo.

Yo rapòte raman maladi gastwoentesten nan peyi Etazini. Se paske yo rekòmande vaksinasyon betay chak ane nan zòn nan peyi Etazini kote zannimo te gen maladi chabon nan tan pase, epi paske yo egzaminen tout bêt yo manje pou asire yo pa malad nan moman y ap tiye yo a.

Enjeksyon ewoyin

Yon kalte maladi chabon yo fenk dekouvri se maladi chabon enjeksyon. Yo wè kalte maladi chabon sa nan Ewòp Dinò lakay moun kap fè enjeksyon ewoyin. Jiska jounen jodi a, yo pa rapòte ankenn ka maladi chabon enjeksyon nan peyi Etazini.

Eske maladi chabon kontaje?

Non. Pou pa ka trape maladi chabon nan men yon lòt moun menm jan ou ka trape yon grip oswa rim. Nan kèk ka ki ra, yo rapòte transmisyon moun ak moun ki soufri maladi chabon po, kote sekresyon kap soti nan plè po a ka enfekte moun.

Sentòm maladi chabon

Sentòm maladi chabon yo depann sou kalte enfeksyon an epi ka pran ant 1 jou ak 2 mwa pou l parèt. Tout kalte maladi chabon gen posiblité, si l pa trete, pou l gaye nan tout kò a epi lakòz maladi grav e menm lanmò.

Sentòm maladi chabon po:

- Yon seri ti anpoul oswa bòs ki ka grate
- Enflamasyon ka rive toutotou plè a
- Yon plè sou po a san doulè (ilsè) ki gen yon mitan nwa ki parèt apre ti anpoul oswa bòs yo °Lepli souvan plè a ap sou figi, kou, bra oswa men



Sentòm maladi chabon respirasyon:

- | | |
|---|---|
| <ul style="list-style-type: none">• Lafyèv ak frison• Malèz nan pwatrin• Souf kout• Konfizyon oswa etoudisman• Tous• Anvi vomi, vomisman oswa doulè lestomak | <ul style="list-style-type: none">• Maltèt• Transpirasyon (souvan gwo gout syè)• Gwo fatig• Kò fèmal |
|---|---|



Sentòm maladi chabon gastwoentesten:

- | | |
|---|---|
| <ul style="list-style-type: none">• Lafyèv ak frison• Enflamasyon kou oswa gland kou yo• Gòj fèmal• Doulè pou vale• Vwa anwe• Noze ak vomisman, sitou vomi san | <ul style="list-style-type: none">• Dyare oswa dyare ki vini ak san• Maltèt• Po wouj (figi) ak je wouj• Doulè lestomak• Endispozisyon• Vant anfle (lestomak) |
|---|---|

Sentòm maladi chabon enjeksyon:

- Lafyèv ak frison
- Yon seri ti anpoul oswa bòs ki ka grate, ki parèt kote dwòg la te enjekte a
- Yon plè sou po san doulè ak yon mitan nwa ki parèt apre anpoul oswa bòs yo
- Enflamasyon toutotou plè a
- Absè byen fon anba po a oswa nan mis kote dwòg la te enjekte a

Kenbe nan lespri w

Sentòm maladi chabon enjeksyon menm ak pa maladi chabon po a, men maladi chabon enjeksyon ka gaye nan tout kò a pi vit epi ka pi difisil pou rekonèt ak trete pase maladi chabon po a. Enfeksyon po ak zòn enjeksyon asosye ak itilizasyon dwòg nan sereng rive souvan epi pa vle di pou otan moun lan gen maladi chabon.

Genyen konsèy CDC ak definisyon ka ki pou ede doktè dyagnostike maladi chabon

Dyagnostik maladi chabon

Li ra pou doktè nan peyi Etazini konsilte yon pasyan ki gen maladi chabon. CDC bay konsèy ak definisyon ka pou ede doktè dyagnostike maladi chabon, anrejistre istwa pasyan pou detèmine nan ki mannyè ekspozisyon an ta ka rive, epi preskri tès dyagnostik ki nesesè.

Si yo sispèk maladi chabon respirasyon, radyografi pwatrin oswa skann CT ka konfime si pasyan gen elajisman medyastinal oswa epanchman nan plèv la, ki se rezulta radyografi yo wè an jeneral kay pasyan ki gen maladi chabon respirasyon



Sèl mwayen pou konfime yon dyagnostik maladi chabon se:

- Mezire antikò oswa toksin nan san
- Fè tès dirèk pou *Bacillus anthracis* nan yon echantyon °san
 - koton plè sou po
 - likid rachidyen
 - sekresyon respiratwa

Fòk yo pran echantyon yo anvan pasyan an kòmanse pran antibiotik pou tretman.

Byoteworis

Nou pa konnen si oswa kilè yon lòt atak antraks ta ka rive. Sepandan, ajans federal travay pandan plizyè ane ak depatman lasante atravè peyi a pou planifye ak prepare pou yon atak maladi chabon. Si yon ka ijans konsa ta rive nan peyi Etazini, CDC ak lòt ajans federal va travay sere ak patenè lokal ak eta a pou kowòdone yon repons.

Poukisa Maladi Chabon kapab Sèvi kòm yon Zam?

Si yon atak byoteworis ta rive, *Bacillus anthracis*, bakteri ki lakòz maladi chabon, t ap youn nan ajan byolojik ki gen plis chans pou yo itilize. Ajan byolojik se jèm ki rann moun, betay oswa rekòt malad oswa touye yo. Maladi chabon se youn nan ajan yo gen plis chans itilize paske:

- Yo jwenn spò maladi chabon fasil nan lanati, li ka pwodui nan yon laboratwa, epi li ka dire lontan nan anviwònman.
- Maladi chabon reprezante yon bon zam paske yo ka lage l san bri san pèsonn pa konnen. Yo ka mete spò mikwokospik nan poud, spre, manje ak dlo. Paske yo piti anpil, ou pa ka wè, santi oswa pran gou yo.
- Yo te itilize maladi chabon déjà kòm zam.

Yo itilize maladi chabon kòm zam nan lemonn antye pandan prèske yon syèk. Nan lane 2001, yo te mete ekspre poud spò antraks nan lèt ki te poste atravè sistèm lapòs ameriken an. Vennde moun, landan yo 12 moun kap manipile kourye, te trape maladi chabon, epi senk nan 22 moun sa yo te mouri.

Nan ki Pwen Maladi Chabon la Danjere?

Yo bay non Tier 1 pou yon sou-ansanm ajan ak toksin espesyal paske ajan ak toksin byolojik sa yo prezante pi gwo ris itilizasyon ekspre ak kokenn posiblité lanmò pou gwo kantite moun oswa efè devastatè pou ekonomi an, enfrastrikti enpòtan oswa konfyans publik epi poze yon menas grav pou sante ak sekirite publik. *Bacillus anthracis* se yon ajan Tier 1.

Bacillus Anthracis se yon ajan espesyal. Se Division of Select Agents and Toxins (DSAT) ki chita nan Biwo Preparasyon ak Repons Sante Publik CDC a ki reglemente posesyon, itilizasyon oswa transfè *Bacillus Anthracis*.

Ak Kisa yon Atak Antraks Ka Sanble?

Yon atak maladi chabon ka pran plizyè fòm. Pa egzanp, yo ka mete spò maladi chabon nan lèt epi yo poste l, jan sa te fèt nan lane 2001, oswa yo ka mete l nan manje oswa dlo. Yo ka lage maladi chabon tou nan lè apati yon kamyon, bildin oswa avyon. Kalte atak sa te vle di spò maladi chabon yo ka fasilman vante tout kote ak van oswa al poze sou rad, soulye moun ak lòt bagay. Sa pran sèlman yon ti kantite maladi chabon pou enfekte yon pakèt moun.

Si yo lage spò maladi chabon nan lè, moun ka respire yo epi vin malad ak antraks. Maladi chabon se fòm pi grav la epi li tiye rapid si l pa trete touswit.

Si youn nan sistèm siveyans yo ki tabli nan peyi Etazini pa te detekte atak la, li ka mache san yo pa wè l jiskaske doktè kòmanse wè modèl maladi yo pa konn wè kay moun malad kap vini nan sal dijans.



Pou jwenn plis enfòmasyon ale sou www.cdc.gov/info

Oswa rele 1-800-232-4636

Dokiman sa a ekri nan lang kreyòl ayisyen, w ap jwenn yon vèsyon nan lang angle sou:

<http://www.cdc.gov/anthrax/basics/index.html>

Fact Sheet – Hatian Creole - May 2016